Paitan

Antologi Macapat Bengkel Sastra Jawa 2004

Balai Bahasa Yogyakarta

PAITAN

Antologi Macapat Bengkel Sastra Jawa 2004

Balai Bahasa Yogyakarta
2004

PAITAN

Antologi Macapat Bengkel Sastra Jawa 2004

Edhitor:
Dhanu Priyo Prabowo
Achmad Abidan

Pracetak:
Achmad Abidan, Agung Tamtama, Sardi, Subadi

Penerbit:
Balai Bahasa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34
Yogyakarta 55224

Pencetak:
Gama Media
Jalan Lowanu 55, Yogyakarta 55162
Telp./Faks. (0274) 384830

PURWAKA

Macapat kalebet peranganing kabudayan Jawi ingkang adi luhung. Kasebat adiluhung jalaran (miturut duking nguni) ing riptan macapat estunipun pinanggih piwucal sae ingkang magepokan kaliyan maneka warni prakawis, upaminipun sejarah, tatakrami, lan sanesipun.

Eman, awit saking pangaribawaning jaman ingkang saya majeng, macapat lajeng kirang populer. Sinaosa makaten, tiyang Jawi tansah gumregah nguri-uri macapat katitik taksih kathah pagelaran macapat. Bab punika mesthinipun ngremenaken, nanging raos remen kalawau lajeng sok kados mendha awit ingkang nyengkuyung pagelaran macapat umumipun sampun yuswa sekawan dasa tahun minggah. Sebabipun menapa, temtu mboten gampil jawabanipun. Wonten pamanggih, bilih para kanoman kirang caket kaliyan macapat awit macapat kirang dipungladhi wonten ing sekolah. Lumantar kawontenan mekaten wau, Balai Bahasa Yogyakarta ngawontenaken lokakarya macapat kangge para guru SMP. Sedyanipun, supados para guru saget nularaken dhumateng para siswa seserapan ingkang gegayutan kaliyan macapat. Tundhonipun, samangke para murid mugi tu

Antologi ingkang dipunsukani irah-irahan *Paitan* mugi saget nggrengsengaken macapat umumipun, khususipun para guru ingkang ngayahi kuwajiban mucal Basa Jawi ing SMP Kulonprogo.

Yogyakarta, 2 Agustus 2004
Kepala Balai Bahasa Yogyakarta

Drs. Syamsul Arifin, M. Hum

CECALA

Bengkel Sastra Jawa ingkang dipunadani dening Balai Bahasa Yogyakarta sampun lumampah kanthi sae nalika tanggal 21—24 Juni 2004, mapan ing SMP Negeri 2 Pengasih, Kulon Progo. Gegladhen kasebat dipungelar sesambetan kaliyan kreteging Balai Bahasa Yogyakarta anggenipun kepengin ngrembakaken sastra Jawi ing madyaning masarakat, mligipun para guru (SMP lan SD) tuwin para juru gurit macapat ing tlatah Kulon Progo. Dene peserta Bengkel Sastra Jawa sedaya gunggung wonten sekawandasa priyantun.

Metani sauntawis yasan macapat anggitanipun para peserta kados mboten nguciwani, sanadyan wonten ingkang perlu dipundandosi. Jer punika wau suka pitedah bilih Bengkel Sastra Jawa estunipun inggih papan kangge sinau ngawuningani prekawis ingkang gegayutan kaliyan macapat, wiwit saking panyerat ngantos anggenipun ngepyakaken ing panggung.

Adhedasar bab suwau, pramila buku antologi macapat punika dipuntengeri *Paitan*. Irah-irahan punika mengku wigati supados yasan tembang macapat ing buku punika saged kangge sangu marsudi sastra Jawi dhumateng soksintena kemawon, langkung-langkung para siswa ing sekolahan. Wusana dipunaturaken pamaturnuwun dhumateng pihak-pihak ingkang sampun suka panyengkuyung amrih lumampahipun Bengkel Sastra Jawa, inggih punika Bapak Kepala Balai Bahasa Yogyakarta, Bapak Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Kulon Progo, Bapak Kepala Sekolah SMP 2 Pengasih, Kulon Progo, Drs. Suwardi Endraswara, M.Hum lan Drs. Sunardi (tutor),

MGMP Kulon Progo (Bapak Tommy Giyatno, S.Pd lan Bapak Slamet Suwandi, A.M. Pd.), Bapak Legiyo, sarta Kadang Panitia (Achmad Abidan, Agung Tamtama, Sardi, lan Subadi).

Dhanu Priyo Prabowo
Koordinator Bengkel Sastra Jawa 2004

DHAFTAR ISI

PURWAKA iii
CECALA v
DHAFTAR ISI vii

Bangsaku
(Pocung) 2

Urip Ing Donya
(Makumambang) 4

Wong Lumaku
(Kinanthi) 6

Bengkel Sastra
(Gambuh) 10

Rikala Manah Sawiji
(Maskumambang) 12

Hamemayu Hayuning Pawestri
(Gambuh) 14

Lawuh Sapada
(Gambuh) 16

Elinga Pemudha
(Maskumambang) 18

Aja Korupsi
(Pocung) 20

Nglabuhi Nagara
(Kinanthi) 21

Sesomahan
(Dandhanggula) 24

Pados Ngelmi
(Kinanthi) 28

Ela-Elu
(Asmaradana) 28

Nguri-Uri Basa Jawi
(Pangkur) 30

Sumarah Mring Gusti
(Gambuh) 34

Putra Bangsa
(Pangkur) 36

Bab Ngelmi
(Pangkur) 38

Tobat
(Pucung) 40

Nggilut Sastra Jawi
(*Sinom*) 42

Alam Donya
(*Maskumambang*) 44

Damel Bingung
(*Megatruh*) 46

Basa Jawi Misuwur
(*Gambuh*) 50

Kudu Titi
(*Pocung*) 52

Guru
(*Pocung*) 54

Gurit Lawan Tembang
(*Pocung*) 56

Aja Padha Lena
(*Pocung*) 58

Nastiti
(*Pocung*) 60

Mbangun Makam Kertayuda
(*Dhandhanggula*) 62

Kridhaning Pemilu
(Gambuh) 66

Ngudi Ngelmi
(Asmarandana) 68

Nandur Palawija Cara Tumpangsari
(Dhandhanggula) 72

Adi Luhung
(Dhandhanggula) 76

Tata Krami Jawi
(Mijil) 80

Parasdya
(Pangkur) 84

Karunan
(Kinanthi) 85

Trenyuh
(Gambuh) 86

Ajining Wektu
(Gambuh) 88

Al Qur'an
(Kinanthi) 90

Pituturku
(*Dhandhanggula*) 94

Nyirik Tindak Ala
(*Dhandhanggula*) 98

NULIS, NEMBANG, LAN
KOLABORASI MACAPAT **101**

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Suwarni, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 7 Juni 1967
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 3 Sentolo, Kaliagung, Sentolo, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Karanglo No. 93, RT 04/RW 24, Argomulyo, Sedayu, Bantul

BANGSAKU

Suwarni, S. Pd.
SMP Negeri 3 Sentolo

Pocung

1. Oh bangsaku bangsa apik lan misuwur
   kanggonan pemudha,
   kang awatak edipeni,
   Aja nganti nerak anggere negara.

2. Oh mitraku aja dhemen madat minum,
   kayata narkoba,
   yen minum ambebayani,
   tumrap keslametaning nagri lan bangsa.

3. Pituturku mituhu pranatan iku,
   becik tumrap bangsa,
   aja kapelu jaman saiki,
   kang ngrusak kapribadening pra pemudha.

4. Bangsa iku, yen pramudha padha blilu,
   ngrusak nusa bangsa,
   kang wus maju lan nandhingi,
   kamajuaning nagri kang wus kajwara.

5. Panemuku pramudhane padha nggugu,
   karep kang angkara,
   ing tembene anjalari,
   nusa bangsa manggih nistha lan antaka.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Dra. Sri Warni
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Gumiwong, 24 November 1966
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Sentolo. Jalan Siwalan, Sentolo. Kulonprogo. Telepon 773556
Alamat Rumah	:	Wirobrajan, Gang Werkudara No. 12, Yogyakarta

URIP ING DONYA

Sri Warni
SMP Negeri 1 Sentolo

Makumambang

1. Yen ta sira urip aneng donya iki,
mung sakedhep netra
lan amung minangka abdi,
manembah kang Maha Kwasa.

2. Nanging sring sira lali minangka abdi,
lali kuwajiban,
manembah kang Maha Suci,
amung mburu barang donya.

3. Lamun Allah sedyanira kang utami,
denya darbekira,
yen ta denya kang utami,
sengsara ta uripira.

4. Lamun sira sowan myang kang Maha Suci,
tan anyangking bandha,
pangkat drajat kang den udi,
nenging sucining tyasira.

5. Munajata marang Allah tengah ratri,
nyenyuwuna sira,
myang Allah kang Maha Rahim,
lestari donya akherat.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Subardi
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 12 Juni 1951
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Panjatan Dusun V Pleret, Panjatan, Kulonprogo. Telepon 08158806559
Alamat Rumah	:	Kaliwilut, Kaliagung, Sentolo Kulonprogo. Telepon 7473306

WONG LUMAKU

Subardi
SMP Negeri 2 Panjatan

Kinanthi

1. Upamane wong lumaku,
marga gawe den liwati,
lamun tuna ing pangarih,
sayekti kerendhu ing ri,
apese kesandhung padhas,
babak bundhas anemahi.

2. Nalika nira ing dalu,
wong agung mangsah semadi,
sirep kang bala wanara,
sadaya wus sami guling,
nadyan ari sudarsana,
wus dangu denira guling.

3. Yen wong anom-anom iku,
kang kanggo ing mangsa iki,
andhap asor dipunbucal,
umpak gumunggung ing dhiri.,
obral umuk kang den gulang,
kumenthus lengus kumaki.

4. Kinanthi kinarya pemut,
mring ibu kita Kartini,
yekti kinarya tuladha,
dadi pandoming pra putri,
jroning ngabdi nusa bangsa,
tan nilar reh kang utami.

5. Wis tan samar tumrapipun,
kanggo para putra-putri,
masang paraga wanita,
miyos jroning sasi april,
siji wolu pitu sanga,
selikur tanggalnya nenggih.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Slamet Waluya
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Klaten, 4 Juli 1964
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Panjatan Gotakan, Panjatan, Kulonprogo Telepon 773990
Alamat Rumah	:	Dusun V, RT 21/RW 11 Margosari, Pengasih, Kulonprogo. Telepon 773657

BENGKEL SASTRA

Slamet Waluya
SMP Negeri 1 Panjatan

Gambuh

1. Jatiningwang kayungyun,
marsudi kagunan adiluhung,
basa, sastra, miwah kabudayan Jawi,
amung raos ing tyasipun,
ajrihnya dhateng panyandhon.

2. Bombonging raos katur,
rawuhipun pra sanak sadulur,
ing palagan bengkel kasusastran Jawi,
kinarya margi panuntun,
angripta macapat lagon.

3. Kawan ari kalangkung,
surya kaping selikur witipun,
kapurnanan kawan likur wulan Juni,
tetengerane kang taun,
ngiblat sepi suwung padon.

4. Menggah mumpangatipun,
kang dhingin ngraketaken sedulur,
kaping kalih kapanggih pujangga aji,
tiga tambah ilmunipun,
nadyan satleraman nawon.

5. Panutup atur panuwun,
mring pra mitra sumbang sarungipun,
yen ta cepat mugi paring pangaksami,
mugi ing selaminipun,
panggih jroning karahayon.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sri Lestari, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 4 Januari 1972
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 3 Kokap Kalirejo, Kokap, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Mentobayan, Salamrejo, Sentolo Kulonprogo. Telepon 08121599168

RIKALA MANAH SAWIJI

Sri Lestari, S. Pd
SMP Negeri 3 Kokap

Maskumambang

1. Rasaning tyas nalikane nandhang kingkin,
   sarwa lan sakeca,
   anglenggana nagih janji,
   mring raka cidra kacihna,

2. Nggennya lumampah anilarken sang putri,
   kang minangka tresna,
   rikala manah sawiji,
   sirna sakabehing sida.

3. Solah tingkah damel lathi dadi ati,
   samya den cubriya,
   datan ana ingkang aji,
   rinambah asoring raga.

4. Dayinta mojar tur lirih angrerangin,
   kathah kang den patah,
   slira pasrah mugi dadi,
   kang dadya atur panjangka.

5. Mung atur sayekti dalasan pamuji,
   mring yayah renaka,
   pra kadang sentana mitra,
   tan lali Gusti pribadi.

6. Mugya amanggiha kang sarwa utami,
   rambahna sadaya,
   kang raka lan rayi iki,
   sumawana bagya mulya.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Indrati Sayuto S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 6 Juni 1973
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 4 Girimulya Branti, Jatimulya, Girimulya, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	RT 07/RW 04 Krebet, Gotakan, Panjatan, Kulonprogo. Telepon 08121595716

HAMEMAYU HAYUNING PAWESTRI

Indrati Sayuto
SMP Negeri 4 Girimulya

Gambuh

1. Dadya wanodya kang ayu,
ayuning tyas mbengkas hawa nepsu,
nepsu syetan tansah angreridhu ati,
ati suci cindhe wutuh,
tuhu welas asih katon.

2. Katoning sira cah ayu,
yuda mring warna-warni bebendu,
dudu rasa datan den deleng puniki,
kinen pikir pandongamu,
murih manggih margi polos.

3. Los tinarbuka angenmu,
mujudken gegayuhan kang luhur,
luhur mukti tindak tanduk kang utami,
utamining estri niku,
kudu jujur ingkang miyos.

4. Miyos nun saking lesanmu,
mugi andamel guyub lan rukun,
kuncarane bale wisma ingkang saleh,
salehah putra twin putu,
tuduhken asma pangayom.

5. Pangayoming putri iku,
kuwating tresna lan ngibadahmu,
ngibadah tekun srawung sasami,
midhanget sambat lan tutur,
turun watak mrih widodo.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sudiyah
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Bantul, 4 Maret 1963
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Temon Karangwulu, Temon, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Tegal Perang, RT 17/RW 09 Tawangsari, Pengasih, Kulonprogo Telepon 081578800202

LAWUH SAPADA

Sudiyah
SMP Negeri 2 Temon

Gambuh

Sega penak lan duduh,
sambel goreng tur petene wutuh,
gudheg manggar dicampuri iwak pitik,
bregedel kenthange rebus,
diwenehi iwak cangor.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Ani Sulistyaningsih, S. Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Magelang, 14 Februari 1964
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Temon Temon, Kulonprogo. Telepon 778522
Alamat Rumah	:	Kliripan, RT 67/RW 20, Hargorejo, Kokap, Kulonprogo

ELINGA PEMUDHA

Ani Sulistyaningsih, S. Pd.
SMP Negeri 1 Temon

Maskumambang

1. Urip iku kudu tansah ngati-ati,
   amrih urip mulya,
   tansah gemi lan nastiti,
   adoh saka tindak nistha.

2. Pra manungsa kudu eling myang ilahi,
   nyingkiri kadosan,
   tansah tumindak kang becik,
   nora apes urip ira.

3. Para mudha sesulih ibu pertiwi,
   njaga marang bangsa,
   aja nganti nggendhong lali,
   supaya tetep mardika.

4. Siswa siswi minangka pangemban bekti,
   marang ibu bapa,
   mikul dhuwur tindak aji,
   aja lena dadi duta.

5. Welas asih tuladha luhuring budhi,
   nandake agama.
   tansah tuhu uga bekti,
   marang bangsa lan wong tuwa.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Suparman Trisnosumitro, B.A.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 3 Maret 1943
Agama	:	Islam
Alamat Rumah	:	Pedukuhan I, Desa Kanoman, Kec. Panjatan, Kulonprogo

AJA KORUPSI

Suparman Trisnosumitro, B.A.

Pocung

1. Hé anakku elinga mring bapa guru
manut piwulangnya
piwulang kang migunani
guna banget besuk kanggo yen diwasa.

2. Kèh pitutur, pitutur laku celathu
uriping manungsa
kudu manembah ing Gusti
lena lali bakal anemu perkara.

3. Yén wus cukup aja tindak ngulap ngukup
eling sapadha
akèh padha pait getir
iku perlu sinulung sapadha-padha

4. Lamun kenyut akeh bandha nggone korup
korup bandha donya
ora bakal maedahi
hiya pancen tata gelar ngambra-ambra.

5. Run tumurun tumindak kang analusur
marang turunira
ora bakal diajeni
yen mangkono cedhané bakal cilaka

6. Metha, methu, sugih bandha sugih bandhu
mangka bandha tan hak
mesti akeh nggoné maling
yen kawiyak isiné bakal sangsara.

NGLABUHI NAGARA

Suparman Trisnosumitro, B.A.

Kinanthi

1. Idham-idhaman kang luhur
mardika tumraping nagri
wus kalampah kanthi perang
sasat korban banjir getih
mula ajinira praja
tan kena rinega dhuwit.

2. Bakal maju apa mundur
praja kita tembe buri
gumantung mring para muda
nggoné angemban pakarti
wit kang nampa jejibahan
tan liya pra generasi

3. Kamardikan praja makmur
dudu kenikmatan mligi
ingkang kalebu kabegjan
dan anggep wancine mukti
banjur urip sarwa penak
iku klèru ing panampi.

4. Sanajan mardika sampun
nanging yen keset makarti
ora bakal urip mulya
datan keduman rejeki
wit mardika mung kawitan
sateruse kudu trampil.

5. Sinebat upaminipun
cagaké nagara iki
gumantung aneng ngamudha
ingkang kudu angayahi
uga ngemban tanggung jawab
nglabuhi bakuné nagri.

6. Nagara saisinipun
bebarengan dipunjagi
wektu wusanan mardika
lena sithik aja nganti
saka pangancam bebaya
kudu bareng den rampungi.

7. Kajaba jinagi sampun
kudu dipungarap becik
lemah bangune nagara
ora bakal anguripi
lamun den jarna tan dalah
kabeh bakal nanggung rugi.

8. Ki Suparman critanipun
ingkang matur wonten
nggunggung pra pamuda nira
dimen pada gyat makarti
pra muda gagah prakosa
rinakit tembang *kinanthi.*

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	F.A. Kasimun, B.A.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 18 Desember 1943
Agama	:	Katolik
Alamat Sekolah	:	SMP PL. Kalibawang Boro, Kalibawang, Kulonprogo Telepon 081578768265
Alamat Rumah	:	Ngrajun, Banjarharjo Kalibawang

SESOMAHAN

FA Kasimun, B.A.
SMP Pangudiluhur, Kalibawang

Dandhanggula

1. Kudu eling datan kena lali,
lamun sira arsambangun brayat
kudu ijab sakramèné
awit sakramen iku
ingkang dadya lantaraning sih
lamun bola bali ijab
kang tanpa pakéwuh
sakramèn kanggo dolanan
yekti tan nampa sih nging nampa bilahi
wit cengkah nggen sedasa.

2. Ribeting tyas silaning akrami
awit kudu jalu lan wanita
kang ijab nampa sakramèn
wani kurban mrih rahayu
rahayuning brayat irèki
ngipuk-ipuk katresnan
konjuk ing Hyang Agung
rumongso ajiné padha
urip loro linebur dadya sawiji
momong putra mrih tama.

3. Kwasa kita nyandhang nyandhung nyandhing
nyandhang susah seneng kurang turah
nyandhung ketanggor ing sèkèng
wajib kita nyenyuwun
kinanthèn resik suci murni
kabul nyadhang nugraha
nugraha Hyang Agung
awit njeng ibu Maria
datan tega tan wentala nguningani
papa cintrakèng putra.

4. Mrih santosa bebrayan kang suci
nulat marang ibu pasamuwan
brayat suci ing Nasarèt
nggenya tansah nggegulang
marang putra mrih dadya mursid
tansah bekti mring rama
sarta ibunipun
ing bénjang dadya panutan
sembah sujud dhateng Allah Maha Suci
begja donya akhérat.

5. Tripakara kudu dèn tuhoni
kamot anèng kitab Putra Sirah
kang sinedya ing tundhoné
rukun dulur lan tangga
atut runtut nggènya prajanji
lampahing pepacuh
tindak umuk singkirana
laku bandrèk aja pisan kok lakoni
urip tan kena srakah.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sumarni, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 10 Januari 1972
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Wates Jalan Terbahsari 6, Wates Kulonprogo Telepon 773025
Alamat Rumah	:	Glaheng, Sindutan, Temon Kulonprogo

PADOS NGELMI

Sumarni, S. Pd.
SMP Negeri 1 Wates
Kinanthi

Tata krami ingkang luhur,
dados barang ingkang awis,
ngegungaken kapinteran,
amung mburu pados ngelmi,
pra siswa tanpa susila,
napa malih tata krami.

ELA-ELU

Sumarni, S. Pd.
SMP Negeri 1 Wates
Asmaradana

Sarwa-sarwi jaman iki,
akeh bocah kang dha lena,
padha katungkul uripe,
kagawa murkane jaman,
tanpa ancas kang mapan,
ela-elu tanpa pemut,
jalukane mung diuja.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Kemin Rahardjo
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 10 Januari 1948
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Galur Sewu Galur, Pandowan, Galur Kulonprogo, Telepon (0274) 522832
Alamat Rumah	:	Sebokarang, Triharjo, Wates Kulonprogo

NGURI-URI BASA JAWI

Kemin Rahardjo
SMP Negeri 2 Galur

Pangkur

1. Wayah esuk dha sekolah,
Kaya ngene rasane wong dadi murid,
wira-wiri saben esuk,
angudi kapinteran,
durung uwis yen durung antuk kursus,
kursus saking pamulangan,
yaiku kang ingsun udi.

2. Wah ramene ana dalan,
pating sliwer kendharaan andalidir,
makgragap yenta kepethuk,
wujud trek kang gandhengan,
saya kaget yen saka mburi mak sarunthul,
ing ngarep ana becak,
mula padha ngati-ati.

3. Wektu iku mangsa udan,
kanthi alon lumakune ngati-ati,
dumadakan ana gludhug,
atiku saya gragapan,
banjur mandheg nganggo mantol karo ngeyup,
lan kanthi unjal ambegan,
neruske laku tumuli.

4. Abote labuh negara,
sun lampahi kanthi eklas jroning ati,
mung ngudi ridhane Hyang Agung,
ndandani jiwa kang bubrah,
supaya anduweni jiwa kang luhur,
cancut gumregut tumandhang,
mbelani ibu pertiwi.

5. Lumiyat nggennya makarya,
ambabar lan nguri-uri basa Jawi,
kabudayan kang adiluhung,
pan ngantos katerak ama,
kabudayan saking manca kang rumasuk,
kang cengkah klawan tyasira,
bangsa ketimuran neki.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sunartiningsih, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 10 April 1969
Agama	:	Kristen
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Pengasih Jalan Projomartani 1 Pengasih Pengasih, Kulonprogo Telepon 773531
Alamat Rumah	:	Pengasih RT 7/RW 2, Pengasih Kulonprogo

SUMARAH MRING GUSTI

Sunartiningsih
SMP Negeri 1 Pengasih

Gambuh

1. Aku tan nate weruh,
myang begja cilaka pasrah amung,
tansah pasrah mring Gusti Kang Maha Suci,
setya mantep pracayaku,
klawan Eklas lair batos.

2. Datan ngerti uripku,
mring sabarang karsane Gustiku,
amung donga kang dadi panyuwun mami,
nging yektine Gusti iku,
asta-Nya nganthi sayektos.

3. Amun pasrah Gustiku,
nasibku ing pangrehing Ma Agung,
bagas saras dadi panyuwunan mligi,
rejeki nugraha wimbuh,
tandhaning pracaya ingong.

4. Tan ajrih kwatir aku,
gesang kang pinanggya begja amung,
tansah nunggil kalayan panuntun Gusti,
tyang kang setya lan mituhu,
sinung ayem jroning batos.

5. Mula pawong mitraku,
sengseming donya aja kapelu,
kang wigati urip iku aja lali,
pasrah mring Sang Maha Agung,
gesang mulya lang ingayom.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Supartinah
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Bantul, 13 September 1964
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Galur Jalan Raya Brosot 20, Galur, Kulonprogo. Telepon 522785
Alamat Rumah	:	Patihan, Gadingsari, Sanden Bantul

PUTRA BANGSA

Supartinah
SMP Negeri 1 Galur

Pangkur

1. Para mudha padha tindakna,
tansah santun-dhateng sasami-sami,
kalamun sira ndaludur,
ngembet marang wong tuwa,
lan tan wurung samubarang yen ndaludur,
guru uga kembet ala,
solah tingkah nglelingsemi.

2. Datan supe mring trapsila,
suba sita unggah-unguh njaga dhiri,
ngabekti marang leluhur,
sumrambah kadang mudha,
datan lali tumraping kabeh sadulur,
nora mawas enom tuwa,
kabeh kudu den ajeni.

3. Yekti nyata putra bangsa,
pinter basa tata krama uga wasis,
solah bawa uga alus,
dhasar watak satriya,
datan ngira yen dudu trahing ngaluhur,
pantes kanggo patuladhan,
mugi santun langgeng yekti.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sri Hidayati Yuliastuti, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Magetan, 28 Juli 1976
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 4 Wates Jalan Terbahsari 3, Wates, Kulonprogo Telepon 773053
Alamat Rumah	:	Jalan Bhayangkara, Gg. Mahoni No. 27. Wates, Kulonprogo. Telepon 08157998376

BAB NGELMI

Sri Hidayati Yuliastuti
SMP Negeri 4 Wates

Pangkur

1. Yuwana ingsun mangajap,
linuwihken sangkan paranireki,
asma wulan rejepipun,
tumibengING arinya,
tigang dasa buda cemengane iku,
maharsi nawa guneng tyas,
gepokaning arab warsi.

2. Tantya kingkin ing wardaya,
Jer ninggalken yayah rena lan yayi,
Angudi ngelmu kang luhur,
Werdining kabudayan,
Anut ombyaking pra winasis ing kawruh,
Tibeng kitha Yogyakarta,
Murih jembaring bab ngelmi.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Supraptomo
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 3 Desember 1945
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Lendah Bumirejo, Lendah, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Jogahan, Bumirejo, Lendah Kulonprogo

TOBAT

Supraptomo
SMP Negeri 1 Lendah

Pucung

1. Bapak pucung dhateng janmi sung pepemut,
   wus saguh wèh tladha,
   mrIng kanca kang padha ngudi,
   anggayuh kautaman kang tuhu mulya.

2. Ewuh yekti ing jaman puniki wektu,
   pama jaman édan,
   kèh wong kang kayungyun sami,
   getun keduwung getuné yèn wus kliwat.

3. Nanging poma panjenengan wruha iku,
   murih rahayua,
   nglakoni dhawuhing Gusti,
   murih slamet miwah rahayuning wuri.

4. Dhuh pra kanca sami eling pepelingku,
   pepali pra tama,
   yekti begja kang nglakoni,
   samya waspada tumindak kang duraka.

5. Mumpung durung sira kaineban pintu,
   lawang tobat Allah,
   tobata sira agelis,
   Gusti Maha Asih luput ingapura.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Legiyo
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 25 November 1949
Agama	:	Katolik
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Pengasih Karangasem, Kedungsari, Pengasih, Kulonprogo. Telepon 731920
Alamat Rumah	:	RT 06/RW 03 Dlaban, Sentolo, Kulonprogo. Telepon 778061

NGGILUT SASTRA JAWI

Legiyo
SMP Negeri 2 Pengasih

Sinom

1. Rinacik sekar macapat,
   sinom grandhel murwakani,
   atur pambagya sapala,
   dhumateng pra rawuh sami,
   sarengan amemuji,
   rahayu ingkang ginayuh,
   luberna pangaksama,
   tumrap sadaya miyarsi,
   tinebihna saking sakèhing rubéda.

2. Bèngkel sastra gya makarya,
   tumrap guru basa Jawi,
   wit tan tega jroning rasa,
   mring krisis ing tata krami,
   srana apresiasi,
   kabudayan adi luhung,
   macapat geguritan,
   maksih samya den pepetri,
   murih pra mudha tumanggap mring tata krama.

3. Kinarya pandoming sastra,
   Bale Basa mandhegani,
   Bengkel Sastra Kulonprogo,
   sinengkuyung mring pra dasih,
   nggulut Apresiasi,
   sastra Jawa den sempulur,
   selikur ingkang candra,
   den adani wulan Juni,
   kawan likur kaangkah wus pari purna.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Bethy Mahara Setyawati, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Yogyakarta, 3 April 1980
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 4 Wates Jalan Terbahsari 3, Wates, Kulonprogo. Telepon 773053
Alamat Rumah	:	Jalan Mujair III/16, Perumnas Minomartani, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta. Telepon 081328023703

ALAM DONYA

Bethy Mahara Setyawati
SMP Negeri 4 Wates

Maskumambang

1. Madyeng ratri duk panggonan aneng sepi,
   tan ana manungsa,
   mung swara mbelaha bumi,
   swara nata kang dhuhkita.

2. Kacarita wong ayu nengsemke ati,
   yogya solah bawa,
   sugih bandha welas asih,
   marang sadarum manungsa.

3. Amung siji kang tansah dikuciwani,
   ngoyak alam donya,
   lali ngabdi marang Gusti,
   kang nggawe pangupajiwa.

4. Dhuh Gusti awak lali ora nglakoni,
   mung mburu kang maya,
   saiki digolek siji,
   swarga loka kang nyata.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sri Subarmiyati
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 8 Maret 1973
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Wates Bendungan, Wates, Kulonprogo Telepon 773538
Alamat Rumah	:	RT 16/RW 06 Dayakan, Pengasih Kulonprogo. Telepon 08157987733

DAMEL BINGUNG

Sri Subarmiyati, S. Pd.
SMP Negeri 2 Wates
Megatruh

1. Ayo kancadha menggaliha ing kalbu,
kados pundi ngreh pribadi,
tumindak ingkang memangun,
hardaning awak nyawiji,
migunani mring pra pawong.

2. Mrih gesang raharja samubarangipun,
ngreh sadaya utami,
manah tanpa raos rangu,
gawe becik mring sesami,
mugi manah tan ngandhelong.

3. Paring conto mring kawula mudha iku,
tumindak ingkang mranani,
iku dudu bab kang saru,
ja mandheg mangu tan wedi,
ja isin dicenges uwong.

4. Wolak walikingjaman siki puniku,
kadang nom tan duwe isin,
padha seneng tindak kleru,
tindak ala dikancani,
gawe becik dadi guyon.

5. Bocah sekolah padha kesed sinau,
sinaune kalah mring tivi,
apa meneh ana thuyul,
bubar thuyul nonton afi,
dikon ngaji malah bobok.

6. Murugaken pra sesepuh saha guru,
sami nlangsa wonten ati,
sarwi sami damel bingung,
dituruti mbebayani,
dikendhali ora ilok.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sugiya
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 26 Desember 1961
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SD Kepundung Kepundung, Giripurwa, Girimulya, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Karanganyar,Giripurwa, Girimulya, Kulonprogo

BASA JAWI MISUWUR

Sugiya
SD Kepundung

Gambuh

1. Basa ingkang pininjul,
basa Jawi saestu misuwur,
kajuwara kondhang ing manca negari,
nuswantara sumberipun,
tinulat mring manca praja.

2. Basa Jawi satuhu,
saget dados panuntuning laku,
laku clathu solah bawa muna muni,
tata krama unggah ungguh,
paugeran wong agesang.

3. Pra guru wajibipun,
ngrimat basa ingkang adiluhung,
mucalaken kanthi tlaten miwah tliti,
mring pra putra muridipun,
mrih tetep saged ngrembaka.

4. Niyat panggayuh luhur,
kanthi tekad manah sucinipun,
daya daya basa Jawi mrih lestari,
nadyan awrat lampahipun,
tan dados pepalang nala.

5. Tegen tekad lan tekun,
dados srana kabul niyatipun,
ngrembakaken basa Jawi mrih lestari,
datan mingkah datan mingkuh,
murih saget kasembadan.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Suparmiyati, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Sleman, 6 Februari 1950
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Samigaluh Gerbosari, Samigaluh Kulonprogo. Telepon 0822748098
Alamat Rumah	:	Plarangan, Purwoharjo, Samigaluh, Kulonprogo

KUDU TITI

Suparmiyati, S. Pd.
SMP Negeri 1 Samigaluh

Pocung

1. Bocah iku kudu bekti marang ibu,
uga marang bapa,
yen tan bekti mesthi rugi,
mula iku aja lali dha nindakna.

2. Ben dha dadi bocah kang padha mituhu,
prentahe tindakna,
aja seneng amblenjani,
wusana ben dadi bocah kang tata.

3. Tingkah laku tindakna ingkang salugu,
ja seneng duraka,
mesthi bae mbilaheni,
nindakake apa kang dha dituladha.

4. Aja seneng nglalekake unggau-ungguh,
mungguhing bab basa,
yen lali mesthi bilahi,
Mula iku aja lali mring wong tuwa.

5. Pituturku amrih becik dha digugu,
mesthine piguna,
samubarang kudu titi,
dadi bocah migunani tumrap bangsa.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Darsuyono
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Blora, 20 September 1964
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 3 Wates Sogan, Wates, Kulonprogo Telepon 773578
Alamat Rumah	:	RT 05/RW 02 Kulwaru Wetan Wates, Kulonprogo

GURU

Darsuyono
SMP Negeri 3 Wates
Pocung

1. Guru iku pantese kudu ditiru,
marang para siswa,
mula wajib ati-ati,
yen sembrana mundhak nemahi cilaka.

2. Saben dina tansah anggegulang ngelmu,
kabeh kudu bisa,
besuk kena nggo makarti,
wusanane bisa nggayuh urip mulya.

3. Dadi guru darbe murid ayu-ayu,
mlebu saben dina,
tansah ngguyu jroning ati,
urip mulya kaya mlebu aneng swarga.

4. Guru iku jarwane wagu tur kuru,
marga saka banda,
mung cukup kanggo sesami,
jangane mung trima bayem karo tela.

5. Ana guru nganti ora bisa turu,
mikirake utang,
kang ana ing bank BRI,
saben sasi mung entek kanggo nyarutang.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Rohmad Darojad, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 5 Maret 1976
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Pengasih Kedungsari, Pengasih, Kulonprogo Telepon 731920
Alamat Rumah	:	Terbah RT 23/RW 09 Pengasih Kulonprogo Telepon 08157998376

GURIT LAWAN TEMBANG

Rohmad Darojad
SMP Negeri 2 Pengasih

Pocung

1. Keparenga ngaturaken sugeng rawuh
   mring pra kadang samya
   ing adicara puniki
   Bengkel Sastra murih mekaring budaya

2. Budaya gung ingkang tansah adi luhung
   gurit lawan tembang
   lan micara ndatan keri
   subasita miwah gendhing-gendhing jawa

3. Mung emane para mudha ndatan keguh
   ing patrapanira
   sopan santun nguciwani
   mila mangga sami greged gya makarya

4. Ranu mijil saking angga tundhanipun
   kebangeten dadya
   rebo mungging basa kawi
   kabudayan manggalaning kautaman

5. Bengkel sastra ku gong lumaku tinabuh
   bank ilmu budaya
   kang kaimpun mrih lestari
   lestarining kabudayan tanah jawa.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	: Dalroso
Jenis Kelamin	: Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	: Kulonprogo, 5 September 1955
Agama	: Islam
Alamat Sekolah	: SMP Negeri 3 Sentolo Kaliagung, Sentolo, Kulonprogo Telepon 08156878516
Alamat Rumah	: Ponganan RT 12/RW 06 Sentolo, Kulonprogo

AJA PADHA LENA

Dalroso
SMP Negeri 3 Sentolo

Pocung

1. Saben dina aja kendat ing panyuwun
marang kang maha Kuwasa
muga tansah diayomi
anjalari urip iki nemoni bagya

2. Murid iku wajib lan taberi sinau
aja padha lena
kang tembe angrugeni
aja lali ndedonga marang sing kuwasa

3. Lamun sira dattan gelem sinau
samengko bakal gela
sekolahmu dadi keri
ora munggah gawe susahing wong tuwa

4. Piwelingku marang kabeh anaku
ayo padha angupaya
lan sinau kang taberi
mrih ing tembe dadi bocah kang utama

5. Sasi iki tekan wancine ulangan umum
sing sregep anggonmu maca
garapen kang teliti
bakal antuk biji lan dadi juwara.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Eko Teguh Santosa, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Panulisan, 20 Agustus 1965
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Temon Jalan Raya Yogyakarta-Purworejo Km 40 Kulonprogo, Telepon 778522
Alamat Rumah	:	Dusun II, Kalidengen, Temon Kulonprogo

NASTITI

Eko Teguh Santosa, S. Pd.
SMP Negeri 1 Temon

Pocung

1. Para jalma kang karsa nggayuh ngaluhur,
aja ngereh rakyat,
ngalembana ngumbar janji,
wola-wali ngumbar janji bakal kojur.

2. Woro-woro bakal bisa gawe makmur,
murih antuk mandhat,
lenggah penak aneng kursi,
plerak-plerok mikir rakyat ora pecus.

3. Para kadang amrih negarane makmur,
kudu duwe tekad,
sabarang karya kapikir,
aja seneng karo kanca dodol catur.

4. Kabeh wae para kanca lan sadulur,
becik banjur menyat,
makarya kanthi nastiti,
kanggo nggayuh urip mukti lawan luhur.

5. Singkirana tumindak ala kang wanuh,
enggal padha tobat,
nyuwun palilahing gusti,
tebih saking tindak kufur lan takabur.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sumihardjo
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 8 Juli 1945
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Girimulyo Giripurwo, Girimulyo, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Kamal, Pendowoharjo Girimulyo, Kulonprogo

MBANGUN MAKAM KERTAYUDA

Sumihardjo
SMP Negeri 1 Girimulyo

Dhandhanggula

1. Tanggal kalih dasa wulan Mei
kalih ewu sekawan punika
kapanggih putra wayahe
mapan ing dalemipun
kulawarga Bapak Marjuki
sadaya para warga
pinanggih rahayu
sam ya rumaos gumbira
kasok ing tyas raos manunggal nyawiji
mugi gesang slaminya.

2. Sampun purna pambanguning candhi
candhinipun para leluhur kita
ing Snangka kene prenahe
minangka pakurmatanipun
para turas tur pangabekti
unining sengkalanira
karyaning ngaluhur
datan katon uninira
mugi leluhur kita nunggil ing Gusti
gesang langgeng salaminya.

3. Kang sumare ing makam puniki
kang kapisan Nyi Citrapawira
kalih Surawijayane
dene kang tiganipun
japawira iku nggih Nyai
kang kaping patira, Ki Kertayuda gung
lima Kaki Suradirja
kang kaenem Ki Jagalesana Kaki
pitu Ki Surasana

4. Ing samangke para turas sami
nyuwun donganya tulus ing donya
gangsar pangupajiwane
rukun ing gesangipun
kadumugen ingkang kinarsi
ayem tentrem raharja
rejeki lumintu
para turas binerkahan
datan supe manembah mring Hyang Widhi
lana ing gesangira

5. Wekasane panggihan puniki
sadaya para putra wayahnya
samiya golong tekade
kertayuda trahipun
ingkang samiya dipun tetepi
manggiha bagya mulya
rumaket tembenipun
anuhoni yen turasnya
Ki Kertayuda ingkang dipun gondheli
langgeng salaminira

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Sulistiyah, A.Ma.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 9 November 1959
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SD Giripurwo 1 Nglengkong,Giripurwo, Girimulyo, Kulonprogo 55674
Alamat Rumah	:	Klajuran, Tanjungharjo, Nanggulan, Kulonprogo

KRIDHANING PEMILU

Sulistiyah, A. Ma. Pd.
SD Giripurwo 1

Gambuh

1. Tumapaking pemilu,
   tumraping warga nagri puniku,
   darbe andhil rancaging 'lam dhemokrasi,
   aja nganti dadi golput,
   kainan pan dadi awon.

2. 'Yo pra sanak sedulur,
   becik kita samya anyengkuyung,
   milih presiden lan wakil kang mrantasi,
   nora waton nyoblos jas-jus,
   kang pinilih mugya maton.

3. Mula becik dinulu,
   winirasa pinikir saklangkung,
   kanthi tekad madhep mantep jroning ati,
   datan waton anut grubyug,
   ciptaning nala tan megos.

4. Wus cetha ciptanipun,
   coblosen gambar pasanganipun,
   presiden lan wakil kang dadi ati,
   kang dadi condhonging kalbu,
   rasa rinasa cumeplong.

5. Dinten lan tanggalipun,
   senen Pon kang dadi wekdalipun,
   tahun rong ewu papat wulane Juli,
   kita saiyeg lan sayuk,
   tindak te pe es 'dha nyoblos.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Mujiyanto
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 4 April 1963
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Kalibawang Banjarharjo,Kalibawang, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Kepiton, Banjarasri, Kalibawang Kulonprogo Telepon 08121553816

NGUDI NGELMI

Mujiyanto
SMP Negeri 2 Kalibawang

Asmarandana

1. Ayo kanca ngudi ngelmi,
ngelmi ingkang asung guna,
masyarakat pribadine,
akeh marga sarta cara,
bisa angel bisa gampang,
nadyan angel kudu tekun,
yen sedya kepingin bisa.

2. Ngudi ngelmi kang upami,
angisi gendul sinedya,
her sayun kalebetaken,
datan bisa sesarengan, sithik-sithik kanthi sabar,
nir grusah-grusuh ing laku,
katon gampang bakal towang.

3. Wajib tumraping agami,
ngusia wiwit bandulan,
aneng ndelahan tekane,
aja kongsi duwe rasa,
wegahan kang tanpa daya,
mundhak mengko dadi bedhu,
den isin-isin wong liya.

4. Saranane angupadi,
bisa ngrungu lan memaca,
nyatiiekke pawartane,
saking sarana kang nyata,
yeku dwija lan pustaka,
kang dadi sarananeku,
kinarya lantiping jiwa.

5. Dadya wong lantip piniki,
gegadhanganing negara,
amewahi darajate,
tinandhingna nagri manca,
kasusra ing jagad raya,
keh janma kang alok gumun,
amilu nggennya ngupaya.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Gunawan
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 24 Maret 1954
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	M.Ts.N. Jatimulyo Jatimulyo, Girimulyo, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Jonggrangan, Jatimulyo, Girimulyo Kulonprogo

NANDUR PALAWIJA CARA TUMPANGSARI

Gunawan
M.Ts.N. Jatimulyo
Dhandhanggula

1. Heh para mitra kadang dusun tani,
   mangga kita samya mbudi daya,
   ngolah sawah tegalane,
   ngundhakken hasilipun,
   mrih kebutuhan den cukupi,
   wajibe giyat makaryo,
   ja ana kang nganggur,
   ningkatna hasiling lemah,
   nandur palawija cara tumpangsari,
   praktis yen katindakna.

2. Cara iki katindakna yekti,
   tanduran pari cukup sepisan,
   palawija sabanjure,
   bakdha panen gadhu,
   akhiring sasi Februari,
   sawah banjur kalobangsa,
   mrih guludanipun,
   cinacah ingkang warata,
   sabanjure kaleremna nganti aking,
   dadya lalahanira.

3. Prayogane kang den tandur iki,
palawija winih bawang merah (brambang),
kang cethek banget umure,
dene carane nandur,
guludan ingkang sampun aking,
nuli enggal kasirama,
cacah nganti mawur,
banjur rabuk kasebara,
sing rata aja nganti ana kang lali,
nuli katandurana.

4. Rabuk ingkang minangka ndhasari,
pupuk kandhang kompos prayoga,
yen gaweyan ya TSP,
iku wae wis cukup,
milih winih brambang kang becik,
umure kang cukup tuwa,
sehat uripipun,
bibit kang kaserang ama,
akhire tinandur keh kang padha ngoling,
mula kasetitekna.

5. Ngupakaraning brambang puniki,
esuk lan sore kudu disiram,
yen wis seminggu umure,
terus tutunen rabuk,
rabuk kang digunaake iki,
sing ngandhut unsure NPK,
larutna ing banyu,
njur carane kaecurna,
nanging aja nganti ngenani uwit,
tindakna pendhak pisan.

6. Bareng pananduring brambang iki,
uga angipuko isi lombok,
milih sing unggul jinise,
yen wus umur seminggu,
bibit wis wani dipindahi,
ing sela selaning brambang,
wit lombok tinandur,
urut dawaning guludan,
panandur cukup rong larik ing pinggir,
lete kudu sing padha.

7. Ngrabuke tanduran brambang iki,
katutp upur selapan dina,
ya kuwi sing keri dhewe,
yen wonten telatipun,
ja kliwat patang puluh ari,
yen langkung saking menika,
tambah panjang umur,
pancen seket lima dina,
brambang wahu sampun saget kapaneni,
wusana umur mundhak.

8. Pambrasthane ama brambang iki,
wiwite umur rong piuluh dina,
kudu ajeg panyemprote,
lette satunggal minggu,
wacanen petunjuk ing dosis,
yen arep nggunaake obat,
awit iku racun,
obat ra perlu sing larang,
warna papat iku wae wis nyukupi,
tegese wis samporna.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Slamet Nugroho, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Klaten, 5 Juni 1974
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Samigaluh Ngargosari, Samigaluh, Kulonprogo Telepon 081794433400
Alamat Rumah	:	Dengok Wetan, Bugisan, Prambanan, Klaten Telepon 08156856908

ADI LUHUNG

Slamet Nugroho, S. Pd.
SMP Negeri 2 Samigaluh

Dhandhanggula

1. Nyurasa kahanan jaman iki,
mliginipun solahing pra mudha,
ingkang nilar budayane,
kang tuhu adi luhung,
murakabi gesang sesami,
menggahing tata krama,
sarta basanipun,
panganggon sarta busana,
patrap ingkang anglunturna jati dhiri,
minangka tiyang Jawa.

2. Pra mudha kang nilar tata krami,
datan tepung marang suba sita,
ngenut marang sakersane,
marang tiyang asepuh,
raos kurmat datan pinanggih,
wonten ing pasrawungan,
paugeran tan wruh,
bawa rasa mring sasama,
tinilarken amung sru anggunggung dhiri,
ywa kongsi kapitunan.

3. Linangkung kang nilar basa Jawi,
kang wus nyata kebak ing trapsila,
datan wruh ing peprenahe,
basa manca denjunjung,
angremehna basa pribadi,
kang wus denanggep kuna,
mangka adi luhung,
para sepuh tan nglenggana,
lamun kirang paring patuladhan yekti,
kirang ing pangupaya.

4. Jaman mangke jalu tuwin estri,
datan gampil anggennya mbedakna,
lamun saking busanane,
miwah pangganggenipun,
kang denagem sadaya sami,
ngemba kadya wong manca,
sayekti tan jumbuh,
kalwan budaya Jawa,
samya bombong angagem tan darbe isin,
sangsaya ngambra ambra.

5. Lumantar tri wiyata sayekti,
ngupaya lestarining budaya,
sesarengan tumandange,
saking bebrayan agung,
kawangsulna ing jati dhiri,
menggahing kulawarga,
kedah kanthi tekun,
nggegulang mring para putra,
murih nyawiji dhateng budaya Jawi,
ugi ing pawiyatan.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Tomy Giyatno, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 24 November 1952
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Girimulyo Giripurwo, Girimulyo, Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Pongangan RT 12/RW 06, Sentolo, Kulonprogo Telepon 7484846

TATA KRAMI JAWI

Tomy Giyatno
SMP Negeri 1 Girimulyo

Mijil

1. Pituturku mring pra mudha-mudhi,
kudu andhap asor,
murih dadi utama uripe,
darbe tata krama angugemi,
ing tepa palupi,
sasolahnya wangun.

2. Jalma iku wajib angajeni,
mring tangga teparo,
aja nganti ala tumindake,
apa maneh ninggal tata krami,
den anggunggung dhiri,
dadya datan urus.

3. Anteng jatmika sarta ber budi,
manahnya yem ayom,
sareh datan kemrungsung batine,
gonyak-ganyuk candhala ing budi,
ngedohken pakarti,
adigang adigung.

4. Luwih becik udu angoncati,
sipatnya kang nglokro,
datan darbe kayun ing uripe,
samubarang lir watone dumadi,
apa kang kaeksi,
kalimput ing napsu.

5. Anganggoa sipat kang piniji,
kang paring pangayom,
tuhu ngabekti marang Gustine,
dimen khusnul khotimah tembe buri,
kinarya makarti,
sayuk sadayanipun.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Soegiyono, MS.
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 11 Juni 1951
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Muhammadiyah 1 Wates Kemiri, Margosari, Pengasih, Kulonprogo. Telepon 773652
Alamat Rumah	:	Dusun III, Ngestiharjo, Wates Kulonprogo Telepon 08179414828

PARASDYA

Soegiyono, MS
SMP Muhammadiyah 1 Wates

Pangkur

1. Paran dene Sastra Jawa,
pindha sinaput pedhut yen kaeksi,
yen tinlusur sababipun,
madyaning pawiyatan,
ing Ngayoja Jawa Tengah Jawa Timur,
pamulaning Basa Jawa,
ES – Em – A datan dumugi.

2. Tan subure Sastra Jawa
ngenani kualitattif kuantitatif,
Sastra Jawa saya mudhun,
linangkung pawa siswa,
amung sithik Sastra Jawa kang den gilut,
basa krama datan pana,
pacelathon anglingsemi.

3. Yen ta Sastra Jawa bera,
anjalari tan subure pangripti,
basa sastra Jawa kukut,
temahan kapralaya,
linangkung pra nupiksa tan sapa aruh,
pandhemen saya nalangsa,
yekti tuhu angrunani.

KARUNAN

Soegiyono MS
SMP Muhammadiyah 1 Wates

Kinanthi

1. Yen ndika nuju mertamu,
   ngrawuhi papan resepsi,
   wardaya trenyuh sanyata,
   pan nalangsa Basa Jawi,
   krama inggil krama madya,
   kang peni kantun sakedhik.

2. Paramasastra tumpang suh,
   ukara kathah nalisir,
   sakedhik pranatacara,
   angracik basa kang peni,
   cinampur basa nasional,
   tan cetha clathunireki.

3. Dhuh pra wegig miwah sadhu,
   mirengna sesambat mami,
   linangkung kang tinanggenah,
   nggulawenthah Sastra Jawi,
   kathintinga katodhiya,
   Basa Jawi risak sampun.

TRENYUH

Soegiyono MS
SMP Muhammadiyah 1 Wates

Gambuh

1. Sinten sing mboten trenyuh,
yen ta emut Sastra Jawa kulup,
paribasan kapralaya angemasi,
mung sakedhik kang angrusak,
puntone tan darbe pamor.

2. Pangripta saya surut,
macapat cerkak gurit lan kidung,
langkung langkung panataran Basa Jawi,
eman yen tan gya kaipuk,
kecalan mboten rumaos.

3. Jarene Yoja niku,
wanawasane kabeh pra sadhu,
pertapane begawan ing Sastra Jawi,
mugi kersa paring rabuk,
darapon tudhone awoh.

4. Atur ageng panuwun,
mring panggulawenthah adiluhung,
den adani Bengkel Sastra Jawi kaki,
mila den ajeng den antu,
dening sawegung sayektos.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Drs. Hisam
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 23 Agustus 1956
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Girimulya Pandawareja, Girimulyo Kulonprogo
Alamat Rumah	:	Pundak I, Kembang, Nanggulan Kulonprogo

AJINING WEKTU

Drs. Hisam
SMP Negeri 2 Girimulyo

Gambuh

1. Kang aran mangsa iku,
   tan rinasa anggone lumaku,
   ajine ngungkuli inten emas picis,
   mula sira kudu weruh,
   samubarang bisa klakon.

2. Gusti paring ing bab iku,
   sapa bisa nata trep saestu,
   wus janjine tan bakal wurung lan rugi,
   amung gumantung panyuwun,
   yekti banjur bisa kanggo.

3. Tumrap siswa ngudi ngelmu,
   sayektine kudu ngatur wektu,
   yen tan katur sirna muspra mitunani,
   luwih-luwih amung melincur,
   nora antuk karahayon.

4. Becik uga pra guru,
   aja pisan katon malah nganggur,
   ing pandulu minangka tuladha yekti,
   ningna jejibahan luhur,
   wayah utamane waton.

5. Cetha nagara maju,
   nora lirwa mring ajine wektu,
   sarwa tinata pakartine dhisiplin,
   warga samya nyengkuyung,
   pinunjul dadi celathon.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Tri Wahyuni, B.A.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 23 April 1959
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Nanggulan Jatisarono, Nanggulan, Kulonprogo. Telepon 522679
Alamat Rumah	:	Celeban UH 3/544, Yogyakarta Telepon 081328702421

AL QUR'AN

Tri Wahyuni, B.A.
SMP Negeri 1 Nanggulan

Kinanthi

1. Al Qur'an iku panuntun,
gesang neng donya lan akhir,
kaparingken pra manungsa,
dados kholifah ing bumi,
amrih tugase sampurna,
ndherek dhawuhe Ilahi.

2. Lumantar juru panuntun,
Gusti kita kanjeng Nabi,
Mohammad Abdullah putra,
Kekasih Allah Ilahi,
wonten Mekah Mukaromah,
dados sumbering Islami.

3. Dene isi ringkesipun,
Al Qur'an dhawuh Ilahi,
Allah iku mung ahad,
sifate Rahman lan Rahim,
nguwaosi dinten qiyamat,
ya Allah Ilahi Rabbi.

4. Amung Allah kang sinujud,
Kang Meha Kwaos peparing,
paring sagung pitulungan,
kacekape gesang niki,
kacekap betahe ndonya,
tuwin betahe neng akhir.

5. Allah Kang Maha Sinujud,
Kang Kwaos nedahken margi,
margi santosaning gesang,
ing donya dumugi akhir,
lumantar dhawuh Al-Qur'an,
miwah katerangan Hadist.

6. Allah ingkang Kwaos dhawuh,
lumantar Al-Quran dhawuh,
caritane Al-Qur'an suci,
caritane pra kawula,
kang nampi nikmat Ilahi,
dados palupi tuladha,
kang sami taqwa Ilahi.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Marsih, S.Pd.
Jenis Kelamin	:	Perempuan
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Kulonprogo, 12 Januari 1962
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 2 Nanggulan, Kulonprogo Wijimulya, Nanggulan, Kulonprogo Telepon 7485216
Alamat Rumah	:	Dukuh, Bumirejo, Lendah Kulonprogo

PITUTURKU

Marsih, S. Pd.
SMP Negeri 2 Nanggulan

Dhandhanggula

1. Dhuh anakku para siswa siswi,
   pituturku padha den gatekna,
   kanggo sangu ing uripe,
   bekti mring rama ibu,
   iku wajib tan kena lali,
   manembah kang Kuwasa,
   rinten lawan dalu,
   ngupaya ngelmu agama,
   kanggo sangu mbesuk sira yen wus mati,
   kabeh padha elinga.

2. Siswa iku tansah ngudi ngelmu,
   kanggo ngayuh urip kang utama,
   ing donya lan akherate,
   iku kudu diluru,
   aja lali lan ngati-ati,
   keh pepalang lan godha,
   kang tansah ngreridhu,
   mula kang tansah waspada,
   aja nganti kapikut endahing lathi,
   nuladha kang utama.

3. Siswa iku wajib angajeni,
mring wong tuwa uga mring pra dwija,
mbangun turut parentahe,
pituture digugu,
aja mbadal lan kumawani,
iku tindak murang tata,
aja padha tiru,
nindakake dhawuhira,
andhap asor luhuring budi pakarti,
ngugemi tata krama.

4. Siswa iku yen kepengin wasis,
tansah maca buku piwulangan,
nggatekake yen diterangke,
nggugu dhawuhe guru,
nggarap PR tan nganti lali,
mbudidaya mrih bisa,
dadi bocah lugu,
ora keguh mring rubeda,
warna-warna TV lan uga VCD,
kabeh kudu tinggalna.

5. Siswa gadhangane rama ibu,
mula sira tansah dha elinga,
jejibahan lan wajibe,
datan kendhat sinau,
dadi siswa bisa linuwih,
ngudi dadi juwara,
ing sabarang ngelmu,
ngluhurke asma wong tuwa,
iku siswa kang bekti lan gelem ngerti,
pantes dadi tuladha.

BIODATA PESERTA
BENGKEL SASTRA JAWA TAHUN 2004

Nama	:	Supoyo
Jenis Kelamin	:	Laki-laki
Tempat dan Tanggal Lahir	:	Yogyakarta, 11 April 1954
Agama	:	Islam
Alamat Sekolah	:	SMP Negeri 1 Nanggulan Jatisarono, Nanggulan, Kulonprogo. Telepon 522679
Alamat Rumah	:	Joyonegaran, MG. II/879 Yogyakarta

NYIRIK TINDAK ALA

Supoyo
SMP Negeri 1 Nanggulan

Dhandhanggula

1. Urip iku elinga mring Gusti,
   dadiya tuladha para putra,
   unggah-ungguh lan basane,
   sopan-santun ing laku,
   amrih putra asung ngabekti,
   sumungkem mring wong tuwa,
   iku kang ginayuh,
   jroning brayat pindha swarga,
   ayem tentrem kulawarga agung ugi,
   pinanggya kautaman.

2. Ana crita sing diwaspadani,
   wujud gambar jroning kothak kaca,
   televisi ya arane,
   jare jamane maju,
   uga pengrusak generasi,
   tan nyaring pancabaya,
   manggih peteng kalbu,
   mulane ngger den elinga,
   aja kongsi nglirwakake mring Ilahi,
   piwulange agama.

3. Crita anyar jroning rina wengi,
cara manca ngrusak tatakrama,
kan tan becik budayane,
slingkuh ingaran ruruh,
nguja hawa nafsu birahi,
banget nyingkur agama,
iku wus lumaku,
mamerke puser lan dhadha,
ngrudha peksa agawe mrindinge ati,
sirnaning tatakrama.

4. Pancen nyata tontonan ing tivi,
sinetron kang metu saben dina,
keceh bandha ing uripe,
yen para mudha niru,
rusak iman luhuring budi,
mula den gegulangna,
agama kang luhur,
kabeh iku gumantung wong tuwa,
putra nira den gegulang den ajari,
kautaman sanyata.

5. Banget luhur putra tansah bekti,
mring wong tuwa ibu dalah rama,
memetri luhur budine,
manembah Sang Hyang Agung,
ngugemi agamane nabi,
nyirik tindak dursila,
tatakrama perlu,
sopan-santun wus ginantha,
nora gampang ngumbar nafsu lan birahi,
yen lali kewirangan.

Nulis, Nembang, lan Kolaborasi Macapat

Dening: Suwardi Endraswara
FBS Universitas Negeri Yogyakarta

Wis Pecus lan Besus

Gawe tembang macapat pancen gampang. Guru-guru MGMP Kulon Progo, wis wasis lan besus. Ngono mau apa merga digawe ing ngomah apa piye, angel dingerteni. Jer pas gladhen wektune mepet, ora bisa sinau nulis langsung ing papan pelatihan. Jane, sing becik, nulis macapat ngono ya gladhen langsung, ngasah landheping rasa. Yen perlu, pandherek pelatihan dijak nginguk njaban kelas, plesir, wisata sastra – kambi nulis. Mesthi wae, asile bakal saya murakabi. Ora mung wujud "macapat kamar".

Aku ngerti, kanggone sing durung apal "guru-guru" ing macapat, sok angel yen kanthi "lepas stang". Mangka sing diangkah, nulis macapat ngono kudu "lepas stang", ora ngetungi guru wilangan kaya guru TK. Ora kaya ahli akuntasi, etang-etung, ning ngeng kudu sing dicekel. Ngeng, bakal nuntun tibane swara lan cacahing gatra. Kanthi ngono, nulis macmapat wis ngiras-ngirus sinau nyengkengake tembang. Ning pancen "wit gedhang awoh pakel, omong gampang nglakoni angel". Kudune rak "wit gedhang awoh kenthang", omong gampang nglakoni gampang. Ra ngono ta mandhoplang?

Bareng dakjingglengi, karyane para guru mau pancen wis akeh sing kempel imajinasine. Kreasine nggunakake tembung-tembung kang ngganda kuna (arkais) ya wis mumpuni. Najan siji loro ana sing isih kepontal-pontal mapanake tembung. Ning kabeh mau angger digladhi terus, apese seminggu sepisan nulis macapat, kiraku bakal saya alus pangrakiti. Lan meneh, kadang-kadangku guru SD lan SMP mau wis bisa maca kahanan, sing dadi tuke

ilham. Wiwit seka perkara pamulangan, tetanen, panganan, mobah mosiking bangsa, lan njengkerut-melare jaman. Kabeh disawang titis, njur dironce ing macapat.

Emane, isih ana sing durung ngempakake daya estetika Jawa tulen. Isih ana sing kelepyan, nulis macapat nganggo estetika sengkalan, sandiasma, lan lelewaning basa. Sajake, sing diburu lagi bab trep orane guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra sarta bab isine. Isi wae, sing akeh pancen banget "ngguroni", wujud pitutur jati. Jane, ora kudu ngono. Macapat sing becik, mesthi wae penganggone estetika laras karo isi, mili lumintir, ora dipeksa gagasane. Gagasan mili seka kedhunge imajinasi, kadhangkala kudu menculat-menculat, pletik-pletik, jes-jes, jreg-jreg gung, le ole lonthong. Ngono sangertiku, sing tlenyer-tlenyer karyane.

Macapat *Bangsaku* (Suwarni, S. Pd), Aja Korupsi (Suparman BA), *Nglabuhi Negara* (Suparman BA), *Putra Bangsa* (Supartinah) — wis menep gagasane. Najan ngonoa, iki klebu karya dhiafan, isih melok banget. Isih mlaha, najan ora wuda. Ngono iku uga tinemu ing karyane Sri Warni *Urip ing Donya*, sajak ngguroni. Mbokmenawa kaperbawan pujangga kraton biyen, dha seneng mejang. Kang rada marahi mregelu meneh, karya raka Subardi *Wong Lumaku*, katon banget ana pada sing "sempalan" seka karyane sapa ngono. Yen kurang percaya, semaken dhewe, wiwit pada loro tekan lima, duweke sapa iku?

Punjere kawigaten macapat werna-werna. Para guru wis blasakan tekan ngendi-endi, ngudi wedharing gati, nyulam tembung kanthi besus lan pecus. Bab kang kagarap, yen kagerba ana pitung werna: Sepisan, bab bebrayan kayata karyane Sri Lestari (tanpa irah-irahan), *Hamemayu Hayuning Pawestri* (Indrati Sayuta), *Lawuh Sapala* (Sudiyah), *Sesomahan* (FA Kasimun, BA), *Damel Bingung* (Sri Subarmiyati), *Kudu Titi*

(Saparmiyati, S. Pd), *Aja Padha Lena* (Dalroso), *Nastiti* (Eko Teguh Santosa, S. Pd). Kapindho, bab etika Jawa kayata: *Tatakrama Jawi* (Tomy Giyatno), *Pados Ngelmi* (Sumarni, S. Pd.), *Nyirik Tindak Susila* (Supoyo). Katelu, perkara wawasan altruistik (tresna nusa bangsa), kayata *Bangsaku* (Suwarni, S. Pd.), *Elinga Pemudha* (Any Sulistyaningsih, S. Pd.), *Nglabuhi Negara* (Suparman, BA.,), Putra Bangsa (Supartinah). Kaping pat, masalah romantika sastra lan budaya Jawa, kayata: *Bengkel Sastra* (Slamet Waluya), *Nguri-Uri Basa Jawi (*Kemin Rahardjo), *Nggilut Sastra* Jawi (Legiyo), *Mbangun Makam* Kertayuda (Sumiharjo), *Basa Jawi* Misuwur (Sugiyo), *Parasdya* lan *Karunan* (Soegiyono, MS.), *Adiluhung* (Slamet Nugraha), *Gurit lawan Tembang* (Rohmad Darojad). Kalima, ganda politik tinemu ing irah-irahan *Kridhaning Pemilu* (Sulistiyah, A. Ma. Pd.), *Aja Korupsi* (Suparman Ts, BA). Kaping nem, mambu religius kayata *Al Quran Suci* (Tri Wahyuni, BA), *Sumarah Mring Gusti* (Sunartiningsih), *Tobat* (Supraptono). Kapitu, wujud Pitutur kayata *Pituturku* (Marsih, S. Pd.), *Wong Lumaku* (Subardi), *Bab Ngelmi* (Sri Hidayati Yuliastuti), *Alam Donya* (Betty Mahara Setyawati), *Kudu Titi* (Suparmiyati, S. Pd.), *Guru* (Darsuyono), *Aja Padha Lena* (Dalroso).

Seka masalah pitung werna sing digubah kasebut, nuduhake yen para guru duwe kreativitas, menjila. Mung kari gelem ngulinakake nyoret-nyoret apa nutuli ketik apa ora. Yen mung mandheg merga ana pancingan pelatihan 4 dina iku, kok eman-eman. Iki jeneng *life skill* tenan. Tegese, yen para guru kasebut gelem ndregil, ngulinakkake nulis lan ngirim karyane menyang medhia massa – bakal saya hebat. Luwih becik meneh yen ing sekolahane dhewe, kerep dianakake lomba (tetandhingan) nulis macapat, najan hadhiahe ora ngapiroa ning asile bakal sembada. Apameneh, saiki apa program *school grant* kanggo sekolahan, rak luwih becik ngono.

Sabanjure, para guru kari gladhen nembang. Luwih mentes, yen seka tembange dhewe.Paling ora, seka naskah ing buku iki kena kanggo conto tumrap para siswa. Semono kaprigelane guru. Muride bisa dijak nganggit lan maca, munggahe tekan apresiasi ing "teles", ora garing mekingking.

Macapat Inovatif lan Kreatif

Sekawit macapat kuwi mung seni olah suwara. Angger dhasaring suwara kung, suwara ngelam-lami. Tatacara nggelar macapat, bola-bali isih ajeg. Kanthi macapatan, yaiku nembang lan oncek-oncek sawetara – saya suwe mboseni. Katitik saben ana macapatan, mung dirawuhi GPK (*golongan pandhemen kasepuhan*). Priyayi sepuh sing wis meh entek napase, njur jor-joran cengkok, nembang macapat sakecandhake.

Anggone nembang lawaran. Tegese, tembange mung cangkem thok, garingan. Ora ana thinthingan. Olehe ngangkat suwara, mung landhesan apalan lan sawetara titilaras sak kecekele. Nngono mau jarene wis mungguh. Emane, oncek-oncek macapat sing keworan sarasehan mau, arang kang monjo tekan bawa rasa. Adate mung rasan-rasa penganggone tembung. Bab carangan-carangan ukara dirembug sithik. Tanpa mbiyaki "wos" kang luwih jero, tumanjem ing rasa.

Ing kluwarga Jawa dhewe, yen gelem blaka suta – asring cengkah panemu antarane wong tuwa lan bocah, saben ana macapatan. Yen radhio lan televisi ana siaran macapat, bocah-bocah uga gage mindhah gelombang. Ujare, macapat iku kuna, brisik kanggo cah nom. Sawetara iku, kuping tuwa brebeg yen krungu hobine cah-cah nom ting gedhugrak. Ngene iki, sing selen kupinge apa lagune. Mangga! Kabeh iki fenomena, kanyatan sing angel diselaki.

Kahanan sing sarwa pro-kontra ngono iku uga ngegla ing sekolahan. Macapatan saya mulet, kablebeg werna-werna

penganggep. Saya suwe, macapat keplotrok kaya kathok, merga arang sing ngregani. Kabeh njur gumantung, sapa sing nyekel sekolahan. Yen Kepala Sekolah, Penilik Sekolah, Pengawas, Kepala Dinas "njawani" – macapat diipuk-ipuk. Suwalike, yen kabeh mau wis ora tinemu, macapat ditendhang krengkang, diganti pelajaran sing kanggo UAN (Matematika, Bahasa Inggris, Bahasa Indonesia).

Pawadan pancen bisa wae diplothot. Ning kabeh mau jeneng kebablasen. Ateges, anggone arep nimblis lan merjaya macapat wis kebangeten. Mula, ora perlu alok kelangan lan opyak nrethek – yen bocah-bocah tambah bosen krungu macapat. Akibate, macapatan ing sekolahan kurang greget. Kawula mudha nglepeh babar pisan. Isih ketambahan yen ana macapatan ing kiwa tengene wektune bengi, kliwat wektu – genah saya megahi. Lan sing paling ngganjel, sajake underane ora mung ing masalah kawicaksanan, ning "dhapure" macapat iku. Yen seprana-seprene, cak-cakane macapat ajeg, kurang inovatif – ora maido yen siswa-siswi SMP glegeken.

Ing SMP, wulangan macapat uga arang digarap mateng. Aja meneh nggarap, selagine macapat wantah wae gurune isih grathul-grathul. Mula, ora sah kaget yen siswane uga ora pati ketarik. Yen ana lomba macapat, sing nganggo cengkok maneka warna – malah sok guru kesenian, sing kon nglatih. Sajake, gurune basa Jawa, pong-pong bolong. Sangune bab macapat isih winates. Embuh, emoh ngudi, apa pancen kesed gawan bayi.

Ora ana bongkot pucuke, yen ngrasani wulangan macapat ing SMP. Nggoleki sing salah sapa, katone kabeh salah, uga kabeh bener. Sing baku, saiki kepriye bisane nenangi macapat sing kebacut ambruk keturon. Bab iki wigati, ujare ing jaman KBK (Kurikulum Berbasis Kompetensi), sing mlunjak tekan *life skill* lan CTL (*contextual teaching learning*) – macapat bisa kanggo gacuk.

Gayut karo bab iku, aku melu seneng Bengkel Sastra Jawa Balai Bahasa 2004 iki diplinthengke kanggo guru SMP basa Jawa Kulon Progo – kanggo nggegulang macapat. Aku setuju banget, yen kupiyane raka Dhanu Priyo Prabowo mau ora mung mandheg sepisan ji, kaya wong mantak aji, ora duwe rapal. Kiraku, ana becike gegebengan "ngudang macapat" mau ditintingi asile. Potret kasile gladhen, bisa disemak menawa dianakake lomba-lomba – apa guru-guru grengseng nggladhi muride, kasil dadi juwara? Sokur bage, ora mung lomba macapat wantah, ning uga macapat garapan (performance), rak luwih grengseng.

Aku wani kandha ngono, merga wakil Kepala Dhinas kang paring andharan ing gladhen macapat, sajak kepranan. Dheweke, disekseni Kepala Sekolah SMP 2 Pengasih lan aku – bakal maringi alokasi beya kanggo makarya bebarengan karo MGMP basa Jawa. Alokasi dhana mau bakal dilebokkake ing APBD, anggere MGMP cepet-cepet gelem dijak rerangkulan – nganakake pelatihan kayata macapat lan bab liyane. Angin ngleses iki perlu banget enggal cekat-ceket ditandangi, yen kepancal sepur, malah salah kedaden. Kabeh gumantung niyate MGMP bebarengan karo anggota guru liyane.

Pelatihan sing wektune cumpen (21-24 Juni 2004), mapan ing ruwang seni SMP 2 Pengasih mau, pancen krasa cepet banget. Guru-guru uga dioyak wektu, ngrampungake tugas padinan, saengga siji loro ana sing kepontal-pontal melu gladhen macapat. Durung meneh isih ketambahan gladhen nulis macapat. Najan gladhen nulis mau cak-cakane digarap neng ngomahe dhewe-dhewe, kanggo ngapresiasi sakeplasan tetep butuh wektu. Jane mono, bakal luwih trep, yen anggone pelatihan mapan ing hotel (nginep) telung dina dheg, total, ateges ora ana godha gaweyan liyane — asile mesthi luwih maremake. Apa klerune latihan macapatan ing hotel.

Macapat Kolaboratif lan Alternatif

Sing dadi masalah ing gladhen macapat, yaiku ngulinakake laras. Ngolah dhasare suwara laras slendro lan pelog, isih sok kowalik-kewalik. Yen dituntun nganggo gamelan, vokale sok ora tekan. Mula pancen butuh gladhen olah swara. Kanggo nggampangake, sing pengin gampang mbedakake slendro pathet sanga, pathet nem, lan slendro pathet menyura – kudu duwe apalan tembang siji-siji. Apalan mau terus dinggo sangu ngangkat tembang liyane. Apalan ora kudu macapat, ning bisa wae tembang dolanan. Sing baku pathete padha, njur dinggo pancadan nembang sing anyar. Samono uga yen arep ngangkat laras pelog pathet nem, pathet lima, lan pathet barang.

Ngapale pathet nem werna kuwi, kiraku ora angel yen diudi tenan. Yen dhasare suwara kuwi durung kempel, mengko yen sinau tembang macapat sok kowalik-kewalik pathete – njur blero. Utamane yen digarap utawa diiringi gendhing, sok kuwalahen. Mula seka kuwi, ana becike sadurunge mlebu ing tataran gladhen, didhasari dhisik olah vokal. Olah vokal wiwit seka lembut nganti mbengok, menga-mingkem, ndangak-ndhungkluk, cepet-rendhet, lan gedhe-cilike swara perlu dikulinakake. Suwara macapat kudu cul, kendel, ora sah dieman. Suwara kudu los, antep, kung, lan ana getere.

Kejaba olah vokal, sinau macapat uga perlu nguwasani "*sense of ngeng*" liyane. Utamane ngetutke suwara instrumen (gamelan). Mula, kanggo ngawekani macapat sing dianggep njuwarehi, pancen butuh "garap" (kreativitas). Yen sangu suwarane wis dadi, ngungkung, nurut lurung, nurut wuwung, nges, pratandha bisa numpang ing seni liyane. Buktine, Ny Condrolukito (alm.) angger wis nyengkeng Kutut Manggung, membat mentuling suwara jan rumesep ing balung sungsum. Samono uga mbak Waljinah, Sunyahni, lan kadangku sepuh Manth'os – marahi liyer-

liyer, tlenyer-tlenyer. Nyes. Dheweke wis kulina angon suwara lan gendhing.

Para pesindhen, seniwati, lan wiraswara sing napase kuwat olah suwara kayata Ny Supadmi seka STSI Solo, Ny Marinem seka Cindhe Laras, Marsidah B.Sc. suwarane jitu, miluta tenan. Mung wae, dheweke anggone nembang macapat wis ora asli. Tembange wis dipoles dening swasana. Uga diiringi gendhing lan instrumen liyane. Ateges, seni macapat wis kasil mencok lan ndhompleng ing jagad seni liyane, utamane ing wayang kulit lan kethoprak.

Menawa macapat mau diiringi gendhing sok diarani macapat gendhing (sekar gendhing). Dene yen ana gendhing sing nganggo rumpakan macapat disebut gendhing macapat (gendhing sekar). Lelorone tetep maju bareng, amrih maujud pagelaran kang ndudut ati. Ing kasusastran Jawa, sing kerep kelakon yaiku macapat gendhing. Yaiku tembang macapat sing digarap bareng karo gendhing (gamelan). Macapat gendhing mau butuh kaprigelan olah swara lan ngneng gendhing. Modhel ngene iki, kerep kelakon wujud panembrama. Panembrama sing nganggo bawa macapat, njur diiringi gendhing pas umpak-umpak, gerong, lan ngelik.

Macapat gendhing ora mung kanggo umuk-umukan. Kreasi macapat gendhing mujudake macapat tataran dhuwur. Cengkok lan kilak-kiluking suwara uga saya muyeg. Okeh suwara dawa, luk kang ngendhelong, mendhak mendhukul, ngetut iline laras gendhing. Ing kreasi ngene iki, kudu ana "mong-kinemong" antarane macapat lan gedhinge. Lelorone sampyuh, nyawiji, kaya campure gula ing wedang the.

Macapat gendhing mligi kanggo cecawis pemanggungan (*performance art*). Pemanggungan uga disebut pagelaran. Ateges, macapat wis digawe semu, kebak prenik-prenik, amrih narik kawigaten. Tembunge liya, macapat dadi komodhiti kang

bisa ditonton lan dirasakake. Yen macapat lawaran (vokal thok) mung dadi konsumsi kuping, macapat gendhing kolaboratif dadi konsumsine kuping lan mripat. Bab iki mbutuhake kakgunan seni warna-warna sing dicarub byuk, persis olahan gudheg. Gudheg kae najan beda-beda bahane, ning diolah memet, njur nambahi mathuk.

Kolaborasi macapat wis mujudake seni panggung. Klebu olah seni alternatif, kakreben macapat digandrungi. Ing kene bisa diwuwuhi apa wae, waton gathuk lan mathuk. Durung ana rumus baku. Cekak cukupe olahan macpat kolaborasi mujudake sintetic art (seni campuran, luluh). Perangan-perangan seni, wis ora ana sing luwih dhominan. Kabeh sarwa njurung, kanggo mujudake performance kang menjila.

Kang dibutuhake ing olah macapat kolaborasi, yaiku: (1) olah vokal tataran dhuwur, laras lan membat mentuling suwara sarwa nengsemake, (2) panyurasa batin paraga, paraga kang kajibah bisa nyurasa isine macapat kanthi gembleng, tumanjem ing ati, (3) ekspresi, paraga kudu nguwasani inner action (aksi kang menep), gerak lan laku kudu cetha, ana alasan kang jelas.

Kolaborasi macapat mujudake seni garapan. Yen wayang kulit, klebu carangan. Mulane, seni sing dimaska kolaboratif bebas. Sing kudu didhapuk ing macapat kolaborasi, yaiku: (1) penata laku (sutradhara), (2) penulis laku (skenario), (3) paraga, (4) pangiring, (5) kolaborator, (dalang/pranatacara). Sutradara duwe jejibahan nglatih lan nemtokake lakune kolaborasi. Penulis skenario, mung kejibah nulis kang trep. Tulisan bisa diulur-ungkret dening sutradhara. Tulisan sipate fleksibel. Paraga, duwe tugas dhewe-dhewe, manut jatah. Pangiring, isih diperang dadi loro yaiku pranata wirama lan penabuh. Kolaborator, duwe ayahan metani latihan, amrih luwih nges.

Nalika dianakake macapat kolaborasi ing SMP 2 Pengasih, pancen cumpen iringane, mung gamelan slendro. Dadi

sruwa-sruwi digawe garapan slendro, dene macapat pelog mung kanggo latihan lawaran. Wektu kuwi, macapat kolaborasi lagi bisa nyampur seni: gamelan, pedalangan, macapat, lan ritual mistik. Wujude uga prasaja banget. Jane mono, isih bisa digawe kolaborasi karo geguritan, teater, ketoprak, lan seni tari. Mung wae, merga wektune mepet ora kabeh seni bisa katut.

Gunggunge gladhen macapat kolaborasi, paling ora kaping pindho. Saya akeh gladhene, mesthi wae saya rampak lan kepenak dirasakake. Becike, gladhen diperang manut dhapukane dhewe-dhewe. Mula njur ana gladhen: vokal macapat, nabuh (iringan), tari, teater, pranatacara, suluka/ pedhalangan, akting, lan sapiturute – gumantung akeh sithike seni kolaborasi. Yen madeg dhewe-dhewe wis lanyah, lagi digathukake (kolaborasi).

Dhapukan jangkepe para paraga sing ngayahi gamelan, yaiku: panatawirama (Suparman BA:gender), pangarsagending (Sugiyo), dalan/sulukan (Sugiyo), kethuk-kenong (Sumiharjo), Sulistiyah, A. Ma. Pd. (bonang), gong (Slamet Nugroho, S. Pd.), demung (Soegiyono MS), swarawati (Supartinah), saron (Betthy Mahara Setyawati), bonang penerus (Legiyo), peking (Sri Warni). Paraga semedi (Slamet Waluya, Indrati Sayuta). Pranatacara/ dalang (Eko Teguh Santosa, S Pd.). Pambeksa: FA Kasimun, BA. Paraga ritual dupa (Any Sulityaningsih), Gunawan, Tri Wahyuni, BA). Paraga koor: Mujiyannto, Tomy Giyatno, Drs. Hisam, Marsih S. Pd., Supoyo, Suwarni, S. Pd. Subardi, Sri Lestari, Sri Subarmiyati, Sudiyah, Any Sulistyaningsih, Sumarni, S. Pd. Kemin Rahardjo, Sunartiningsih, Supraptono, Sri Hidayati Yuliastuti, Suparmiyati S. Pd.Darsuyono, Rohmad Darojad, Dalroso.

Seka macapat kolaborasi bisa disemak ing naskah lan cak-cakane kaya ing ngisor iki:

Introduksi: Kenong (thung-thung-thung) ngiringi paraga A-B (kakung-putri) metu ing panggung. Paraga A-B bisa disandhangi (costum) manten utawa ritual kejawen liyane. Sarwa ireng. A lungguh kursi, tangan kiwa sedhakep, tengen ing pundhak, susah), B sila tumpang, sedhap saluku tunggal, nutupi babahan hawa sanga, trenyuh: dipungkasi gong (suwukan). Paraga H: nyandra A-B, mambu humor.

Pambagyamulya: "Rahayu" utawa "Nugraha" (koor, patrap sembah paraga A-B), "genjleng" : 6 (saron, demung) bareng, sero.

Pambuka warana: Macapat Ilir-Ilir. Ana paraga I (pambeksa), njoged bebas model semedi (tapa), ngetut irama/ lagu.

Mijil Sekarsih SL. 9

2 5 6 6 . 6 i̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ . 0
i lir i lir tan dur e su mi lir
6 i̇ . 6 6 5 5 . 0
I jo ro yo ro yo
2̇ 2̇ i̇ 6 i̇ 5 2 3 5 2 2 1 6̣ . 0
ingsun sengguh a nya ran te man ten
6̣ 6̣ 6̣ 1 . 2 1 6̣ 6̣ 6̣ 6̣ 6̣ . 0
bo cah a ngon pe nek na ba lim bing
2 2 2 2 2 2 . 0
ki nar ya ma suh i
6̣ 6̣ 6̣ 1 2 6̣ 1 6̣ 5̣ . 0
do dot i ra i ku

Paraga A-B, jugar semedi. Mlebu bebarengan, mapag swasana anyar: Kairing gendhing: Badra sl 9: 2 3 5 6 1̇ 5 2 3 5 2 3 1 (saya ngangseg, dipungkasi kendhang nglereb: tak-tak-dlang-tak-tak-tung:gong suwukan).

Koor: *Hong ilaheng-hong ilaheng-hong ilaheng*: Munggah: *hanacaraka-datasawala-padhajayanya-magabathanga.* Paraga C (lanang) ngibas-ngibaske gubungan/godhong pisang, ditutke paraga D (wadon) nggawa dupa/ratus, paraga E nggawa banyu perwitasari-kembang setaman, disirat-siratke.

Koor: Reformasi (notasi/gamelan: slendro 9: 2̇ 1̇ 2̇ 1̇ 6), digenjleng (5) utawa (6). Munggah waosan **Macapat Gurit** dening paraga J. Ing sisihe paraga K-L, main teater (pantomim), nggambarake isine macapat gurit.

PAHLAWAN KODHOK NGOREK
dening: Suwardi Endraswara

O, enthung, jugara tapamu
Lukara busana Parasu
Iki wis dudu jaman Kumbakarna
Iki jaman Kala Bendu
Ngancik jaman Kala Suba
Endi elor endi kidul
Endi sing papak endi sing punjul
O, enthung delengen telenge blumbang
Sewu kodhok sesindhenan
(lir-ilir tandure wus ngalilir
kodhok ijo loyo-loyo
nglangi nantang penjajahan)
sewu kodhok plolak-plolok

lelayaran ing getih kenthel
mleroki, gagak kang ngguyu ngakak
o, enthung, kae gagak saya reraton
kae si gagak ngendelake suwiwine
si gagak ngeker-eker kuburan politikus
ndhandhang balung-balung
kodhok ngorek kodhok ngorek
ngelak getih abang, theyot theblung (3X)
o, enthung, kodhok ngotot tanpa balung
kodhok kae cundhukana kembang tunjung putih
aja kok klambeni godhong kemuning
gagak kae sasabana kecubung ireng
njur mengko sore, lagokna pocung paseban:
bapak pocung okeh gagak tulung-tulung
kudu nyembah kodhok
ngalap berkah banyu suci
borehana kembang telon ganda menyan
lamun kowe wis ngupu tarung, enthung, takokna:
yen kodhok tanpa bedhil
:apa isih ana kekendelan
yen gagak tanpa cucuk
:apa isih cecengilan?
Yen urip iki thetheyotan
:apa ana katentreman (Kristal Emas, 1994)

Paraga: C (suluk jugag, sl pt 9):
Sangsaya dalu araras
Abyor lintang kumedhap
Titi sonya madya ratri
Lumran gandaning puspita, oooo...
Karengwan pudyanira

Sang dwijawara mbrengengeng
Lir swaraning madubranta
Oooo....

Gara-Gara: (antawecara dalang gara-gara, wacana bebas).

Srepeg Sanga: (Rangu-rangu), buka cempala/ kendhang.

2 1 2 1 3 2 3 2 5 6 1 6 5 6 1 6 2 3 5 3 2 1 2 1

2 1 2 1 3 5 6 5 3 5 6 5 3 2 1 2 3 5 6 5 3 5 6 5 6 1 2 1

Rangu-rangu
Rangu-rangu tyas matrenyuh
Mawa suka rena, radyan anggarjita
Ungguling ngayuda, karsaning Hyang
Dhuh Gusti, Gusti kula
Sumungkem mring ngarsa pada
Gusti kula

Ing ngarsanta kula nyuwun
Genging pangaksama, miwah wicaksana
Nyuwun panguwasa, ing tyas kula
Dhuh Gusti, sembah kita
Tulusa nglebur angkara
Dhuh tulusa

Gusti ingkang maha suci
Paringa ngapura, mring para manungsa

Murih padha eling, mring Pangeran
Dhuh Gusti, sembah kita
Sumungkem mring ngersa pada
Gusti kula

Macapat gendhing: paraga EFG (karya pandherek bengkel), kairing suling utawa rebab.

Ayak Pamungkas utawa **Ladrang Wahyu.** Yen Ayak Pamungkas, paraga C njogedke tayungan Werkudara. Dene yen Ladang Wahyu: njogedake golekan.

Ayak Pamungkas: Sl manyura
Dhuh Allah mugi-mugi
Keparenga paring rahmat
Dhuh Allah lestaria
Indonesia merdeka
Wusana wosing pangidung
Tarlen amung amemuji
Mugi bangsa Indonesia
Sepuh anem jaler estri
Sami kersa amanunggal
Gumolong gelenging kapti

Ladrang Wahyu:

Buka: 1 6 5 3 2 3 2 1 3 1 6 3 1 3 2
3 1 3 2 3 1 3 2
6 3 5 6 1 6 5 3
2 3 2 1 3 2 1 6
3 1 3 2

cakepan:
pra taruna angudiya
saniskara mangka sanguning dumadya
marsud ing kawruh kang akeh gunane
bisane sembada, tlatenana

Panutup: paraga H (pranatacara/dalang: sesanti: jaya-jaya wijayanti.

Buku antologi macapat punika
dipuntengeri *Paitan*.
Irah-irahan punika mengku
wigati supados yasan tembang
macapat ing buku punika
saged kangge sangu marsudi sastra Jawi
dhumateng soksintena kemawon,
langkung-langkung
para siswa ing sekolahan